SN:
2181-3906
2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 6 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# QORAQALPOQ BAXSHICHILIGIDA AYOL BAXSHILAR FAOLIYATI: TARIX VA ZAMONAVIYLIK

**Karlibaeva Aziza**
NMPI student.
**Qarlıbaeva Azada**
Yunus Rajabiy atındaǵı ÓzMMSI student.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.21106532*

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada qaraqalpaq baqsıshılıq kórkem ónerinde hayal baqsılardıń jumısınıń tariyxıy qáliplesiwi, rawajlanıw basqıshları hám búgingi kúndegi ornı tallanadı.*

*Qaraqalpaq xalıq awızeki dóretiwshiliginiń áhmietli quram bólegi esaplanǵan baqsıshılıq dástúrinde hayal atqarıwshılardıń qatnasıwı, olardıń dástanshılıq, jırawshılıq hám xalıq qosıqların áwladtan-áwladqa jetkeriwdegi xızmetleri sáwlelendiriledi. Sonday-aq, zamanagóy mádeniy processler sharayatında hayal baqsılardıń dóretiwshilik jumısı, jas áwladtı milliy qádiriyatlarǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalawdaǵı áhmiyeti de kórip shıǵıladı.*

***Tayanısh sózler:*** *baqsıshılıq, hayal baqsı, qaraqalpaq folklorı, dástanshılıq, xalıq awızeki dóretiwshiligi, dástúr, mádeniy miyras, zamanagóylik.*

***Abstract.*** *This article examines the art of bakhshi, which is the most important link in Karakalpak oral folk art, as well as the artistic interpretation of national values and the people's worldview in epics and termas. The role of bakhshi creativity in the life of society, the coverage of universal and national ideas such as patriotism, friendship, and family loyalty in their works are analyzed.*

***Keywords:*** *bakhshi, Karakalpak folklore, epic, national values, worldview, zhyrau, tor, national identity, epic school.*

***Аннотация.*** *В данной статье исследуется искусство бахши, являющееся важнейшим звеном каракалпакского устного народного творчества, художественная интерпретация национальных ценностей и мировоззрения народа в дастанах и термах.*

*Проанализирована роль творчества бахши в жизни общества, освещение в их произведениях таких общечеловеческих и национальных идей, как патриотизм, дружба, верность семье.*

***Ключевые слова:*** *бахши, каракалпакский фольклор, дастан, национальная ценность, мировоззрение, жырау, тор, национальное самосознание, школа дастан.*

Qaraqalpaq xalqınıń bay ruwxıy miyrasınıń quramında baqsıshılıq kórkem óneri ayrıqsha orın iyeleydi. Baqsı xalıqtıń tariyxıy esteligi, úrp-ádetleri, ádep-ikramlılıq kózqarasları hám estetikalıq talǵamın ózinde jámlegen dástanlardı atqarıwshı kórkem óner ǵayratkeri sıpatında tán alınadı.

Baqsıshılıq kórkem óneri uzaq ásirler dawamında tiykarınan erkek atqarıwshılardıń jumısı menen baylanıslı halda rawajlanǵan bolsa da, hayal baqsılar da bul dástúrdi saqlaw hám rawajlandırıwda áhmiyetli rol atqarǵan. Ásirese, dástanlar, termeler hám xalıq qosıqların atqarıwda hayal baqsılar ózine tán usıl hám dóretiwshilik qatnastı kórsetken.

**Qaraqalpaq baqsıshılığında hayal baqsılar jumısınıń tariyxıy tamırları.**

Qaraqalpaq folklor dástúrlerinde hayal-qızlardıń atqarıwshılıq xızmeti áyemgi dáwirlerge barıp taqaladı. Xalıq arasında dástan hám qosıqlardı yadtan atqarıwshı, máresimlerde qatnasıwshı talantlı hayallar bolǵan. Olar xalıq arasında baqsı, jıraw yamasa qosıqshı sıpatında tanılǵan.

Tariyxıy dáreklerde hayal baqsılar haqqında maǵlıwmatlar salıstırmalı túrde az ushırassa da, etnografiyalıq izertlewler hám folklor ekspediciyalarınıń nátiyjeleri olardıń bar ekenligin tastıyıqlaydı. Hayal baqsılar kóbinese shańaraqlıq dástúr tiykarında kórkem óner sırların ózlestirgen. Baqsı shańaraqlarında erjetken qızlar jaslıǵınan dástan hám termelerdi esitip ósken, keyin ala bolsa óz betinshe atqarıwshı sıpatında qáliplesken. Qaraqalpaq xalıq dástanları arasında "Qırıq qız," "Alpamıs," "Edige," "Sharyar" sıyaqlı shıǵarmalar hayal baqsılar repertuarında da áhmiyetli orın iyelegen. Ásirese, hayal qaharmanlar obrazı sáwlelengen dástanlar hayal atqarıwshılar tárepinen tásirsheń ruwxta jırlanǵan. Qaraqalpaq qız baqsıları haqqında qısqasha maǵlıwmatlar

**Qız baqsi Hurliman (1861-1906).** Qaraqalpaq xalqında birinshilerden bolıp qolına duwtar alǵan qız, óz akesi Berdaq baqsnıń jolın dawam ettirgen Hurliman baqsı edi. Hurliman qız baqsıga bul onerdi iyelew. shıńına jetiw adewir qıyınshılıq tuwdırdı. Sebebi, sol dawirde hayal-qızlarga bolǵan koz-qaras tomen bolıp, ásirese, qız baqsı juzin kórsetip, kópshilik aldında qosıq aytıwı. awıl aqsaqalları, iyshan-mollalardıń ǵazebin keltirip, olar bul ónerdiń hayal-qızlarga tan emesligin tastıyıqlaǵısı kelip, qarsı turǵan. Hurlimanniń ómirlik joldası Qabildin da bul onerge qarsı bolıp, onı qorlap, urıp, azaplap tiyim salıwǵa hareket etiwi, qıyınshılıq ustine qıyınshılıq bolǵan. Degen menen Hurliman olardı óz kasibine bolǵan súyispenshiligi menen jehip otedi. Qızınıń usınday qıyınshılıqta júrgenin kórip, akesi Berdaq kúyew balası Qabılga kelip, qızına azap bermewin, kasibine qarsılıq kórsetpewin aytıp, onıń razılıǵın aladı. Solay elip, Hurliman baqsı óz akesinen dastanlar, qosıqlar úyrenedi. Aradan kóp waqıt ótpey Hurliman ana bolıw baxtına miyassar boladı.

Qabıl menen Hurlimannıń shańaraǵında ul perzent dunyaga keledi. Onıń atın Qarajan qoyıp, anası oǵan da óz kasibin uyretip baradi. Hurliman balasi Qarajandi qasına ertip, el aralap, qosıq aytıp, baqsıshılıq etedi. Qarajan anasiniń qasında janapayga duwtar shertip júretuǵın bolǵan.

Berdaq óleri aldinda- 1856-jili ózi soqqan duwtarın qızı Húrlimanǵa qaldıradı. Al, Hurliman qaytıs bolǵannan keyin bul duwtar balasi Qarajanga miyras bohp qaladi.

Hurliman «Sayatxan Hamra», h.t.b. dastanlarin, qosıqlardı kámine keltirip aytatuǵın bolǵan.

**Qiz baqsi Qanigul (1900-1928).** Qaraqalpaqlar arasındaǵı qız baqsılardıń jane biri Qanigul baqsı. Ol qaraqalpaqlardıń Beksıyıq ruwınan shıqqan. Qanigul awılda jurip, qissaxanlardan «Sanawber» qıssasın úyrenedi. Ol qıssaxanlar namasına salıp, kópshilik aldinda atqarıp beretuǵın bolǵan. Qanigúl bálent lapızı ham jaǵımlı dawıs iyesi bolǵan. Esjan baqsi onıń usınday talantın húrmetlep, onıń menen ushırasıp, Qaniguldi óz qaramagına aladı. Qánigúl awıl aqsaqallarınıń baqsı bolıwına qarsı tıyım salıw talaplarına qaramastan, óz dóretiwshiligin dawam etip, aradan kóp waqıt ótpey-aq «qız baqsı» degen ataqqa iye boladı. Qurda Esjan duwtar shertip, dastannıń nasirin aytip bolǵannan keyin, Qanigúl onıń qosiǵın ayttı, ekewi el aralap toy-tamashalardı atqarǵan.

Sol waqıtlar awılǵa qız baqsı keldi, degen xabardı esitkenler, baqsıǵa barıp, olardı tińlaǵansha asıqqan. Soqır qız Qanigul Esjan menen birgelikte 6 jil dawamında qosıq aytıp, baqsıshılıq etedi. Bıraq 1928-jılı Qanigul qaytıs boladı.

**Gulnara Allambergenova.Qaraqalpaq** kórkem-ónerinde Hurliman, Qanigul sıyaqlı belgili qız baqsılar bolǵan. Olar ózleriniń balent lapızı menen xalqımız arasında tanılǵan. Solar qatarında óziniń talantı menen xalqımız kewlinen jay alǵan baqsı qızlardıń biri Gulnara Allambergenova 1970-jıl 10-iyulda Shımbay rayonında dúnyaǵa kelgen. Mektep dáwirinen baslap-aq, Respublikamızdaǵı 1-sanlı madeniyat uyindegi «Qiriq qiz» duwtarshılar ansambline qatnasa baslaydi. Bul jerde birqansha saz hám qosıqlardı úyrenip, kóplegen tańlawlarǵa qatnasıp, jeńimpaz boladı. 1987-jıl mektepti tabıslı tamamlaǵannan soń baqsıshılıq ónerine degen qızıǵıwshılıǵı onı J.Shamuratov atındaǵı kórkem- óner bilim jurtına jetelep keledi. Ol jerde xalıq sazlar boliminde duwtar klası boyınsha ustazı Baxtıbay Saparovtan milliy muzıka sırların úyrenedi. Óziniń xosh hawazı, joqarı lapızı menen qosıq atqarıp kózge túsken. G.Allambergenova, óz qaniygeligin ele de jetilistirip bayıtıw maqsetinde 2000-jil Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń «Muzıkalıq tálim» bólimine oqiwga kirip, bul jerde Qaraqalpaqstan xalıq artisti belgili baqsi T.Qurbanovqa shakirt boladı. «Ustazı jaqsınıń, ustami jaqsi» degendey G.Allambergenova ustazınan xalıq namaların, qosıqların aytılıw jolların hám baqsıshılıq jolın tereńnen meńgerip, xalıq dastanların atqarıwdı da itibardan shette qaldırmadı. Eń quwanıshlısı 2011-jıl G.Allambergenovaga «Qaraqalpaq xalıq baqsısı» hurmetli ataǵı berildi.

Ónıń jaǵımlı hawazı búgingi kúni de kópshilikti qayil qaldırıp, eller boylap jańlap atır. Ol 2016-jılı may ayınıń 20-25 aralıǵında Qazaqstan Respublikasi Alma-ata qalasiniń 1000 jıllıq merekesine baǵıshlanip ótkerilgen «Mıń jıldıqtar dawısı» atlı jırshılar festivalinda bir saat dawamında «Ǵarip ashiq» dastanın atqardı ham bul janlı hawaz Qazaqstan teleradiokompaniyasinıń altin fondına jazıp qalındı,

**Ziyada Sharipova.Baqsıshılıq** kórkem-ónerinde tanılıp kiyatırǵan jáne bir qız baqsilarımizdiń biri Ziyada Sharipova 1974- jılı Moynaq rayonınıń Qazaqdarya posyolkasında dunyaga keledi. Qaraqalpaq milliy xalıq namalar ham qosıqlarına qızıǵıwshılıǵı balent bolǵanlıqtan, 1988-jıl Nókis qalasındaǵı 1-sanlı Madeniyat úyinde shólkemlestirilgen «Qirq qız» duwtarshılar ansambline aǵza bolıp, mekteptegi ham qalalıq kólemdegi shólkemlestirgen bayramlarga ham Nawrız seyillerine qatnasadi.

1992-jıl J.Shamuratov atındaǵı kórkem-óner bilim jurtınıń milliy folklor bólimine oqıwǵa tústi. Ol jerde ustazı Ózbekstan xalıq baqsısı Ǵ.Ótemuratovtan qaraqalpaq milliy xalıq namaları hám qosıqların, baqsıshılıq tarawınıń álwan turli sirların úyrenedi. Oqıw dawirindegi bul jıllar onıń dóretiwshiligindegi eń jemisli dawiri, dep aytsaq adaspagan bolamız. Sebebi, ol usi dawirde-aq óz ıqlasbetlerin jawlap ala aldı. 1992-jıl sentyabr ayında Ámiwdarya rayonı Berdaq xojaliǵında ótkerilgen J.Shamuratovtıń 100 jıllıǵına baǵıshlanǵan tańlawǵa qatnasıp, húrmet jarlıǵı menen siylıqlanadı. 1993-jıl Iyshan qalada E.Qospolatovtıń dóretiwshiligine arnalǵan tanlawǵa,Taxtakopir rayonı Maqpalkól elatında ótkerilgen A.Xojalepesovtiri yubiley tańlawına belsendi qatnasıp, húrmet jarlıgı menen siylıqlanadı. Z.Sharipova 1994-jılı Franciya mámleketiniń Di qalasinda bolıp ótken festivalda qatnasti.

Izleniwden sharshamay, barha alga umtilgan, xosh hawazlı Z.Sharipova usinday joqan jetiskenlikleri menen 1996-jılı oqıwın tabıslı tamamlaydi.

Z.Sharipova óz miynet jolı dawamında xalqimizdin kórkem- óner tarawında ata-babalarımızdan miyras bolıp qalǵan baqsıshılıq jolin rawajlandırıwda óz úlesin qosıp, jeńislerge erisip kelmekte. Onıń bul miynetleri húkimetimiz tárepinen joqarı dárejede bahalanıp, 2013-jıl «Qaraqalpaqstan xalıq baqsısı» hurmetli ataǵı beriledi.

Z.Sharipova búgingi kúnde Qaraqalpaqstan bilimlendiriw ministrligine qaraslı 22-sanlı balalar muzıka ham kórkem-óner mektebiniń milliy saz bóliminde shókirtler tayarlap atir.

**Injigul Saburova**. Injigul Saburova - 1962-jıl 5-iyulde Kegeyli rayonı «Juzim baǵ» awılında tuwılǵan. 1979-1982 jıllar aralıǵında Nókis Mádeniy – aǵartıw texnikumında bilim alǵan Injigul, 1982- jıl Tashkent mámleketlik madeniyat institutına oqıwǵa tusip 1987-jıl tabislı tamamlap shıǵadı. I.Saburova óz miynet jolın «Muxalles» duwtarshılar ansamblinde girjekshi-sazende bolıp islewden baslaǵan. 1984-jıldan baslap, házirgi waqıtta da usı ansambldе joqarı kategoriyalı girjekshi- sazende bolıp, uzliksiz islep kelmekte.

Omiri jetiskenlikleri haqqında aytatuǵın bolsaq, ol qaraqalpaq hayal-qızlar arasınan shıqqan birinshi girjekshi sazende. Bir qansha Respublikalıq ham xalq-aralıq kórik tańlawlar ham folklor festivallari qatnasiwshisi bolıp, Qaraqalpaq milliy kórkem- ónerin dunyaǵa tanıtıwda úlken miynetler etpekte. Injigul 1999- jıl Surxandarya walayatıda bolıp ótken «Alpamis» dastanınıń 1000 jıllıǵı kórik tańlawı diplom boldı. l999-2001-jılları Samarqand qalasında ótkeriletuǵın «Sharq taronalari» xalq-aralıq muzıka festivali qatnasiwshisi. 2002-jıl «Oraylıq Aziya xalqlarınıń milliy muzıka mádeniyatı- ataması menen ótkerilgen folklor festivalı. Franciya, Belgiya. Germaniya mámleketlerinde bolıp, onda I.Saburova qaraqalpaq namaların sheber atqardı.

**Hayal baqsılardıń atqarıwshılıq ózgeshelikleri.**

Qaraqalpaq baqsıshılıq mektebinde hayal baqsılardıń atqarıwı bir qatar ózine tán tárepleri menen ajıralıp turadı:

- lirizmniń ústinligi. Hayal baqsılardıń atqarıwında lirikalıq ruwx, sezimlik bildiriw hám muzıkalıq ırǵaq kúshli kórinedi. Olar dástanlardıń dramalıq waqıyaların tereń emocionallıq talqılawǵa umtıladı.
- tárbiyalıq mazmunınıń kúshliligi. Hayal baqsılar repertuarında shańaraq, sadıqlıq, miyrim-shápáát, watansúyiwshilik hám insanıylıq pazıyletlerdi úgit-násiyatlaytuǵın shıǵarmalar áhmiyetli orın iyeleydi. Bul bolsa baqsıshılıqtıń tárbiyalıq funkciyasın jáne de kúsheytedi.
- máresim folklorı menen baylanıslılıǵı. Hayal baqsılar kóbinese toy, máresim hám dástúriy ilajlarda dóretiwshilik etken. Olardıń repertuarında máresim qosıqları, termeler hám násiyat xarakterindegi shıǵarmalar keń orın alǵan.

Házirgi waqıtta hayal baqsılardıń sanı kúnnen kúnge artıp barmaqta. Búgingi kúnde Ózbekstanda baqsıshılıq kórkem ónerin qayta tiklew hám rawajlandırıwǵa úlken itibar berilmekte.

Xalıqaralıq baqsıshılıq kórkem óneri festivallarında tek ǵana er adamlar emes, al qábiletli hayal baqsılar da múnásip qatnasıp, sıylı orınlardı qolǵa kirgizbekte. Olar milliy miyrasımızdı keleshek áwladqa jetkeriwde kópir wazıypasın atqarmaqta. Ózbekstan ǵárezsizlikke eriskennen keyin milliy mádeniyat hám folklor miyrasına bolǵan itibar sezilerli dárejede arttı.

Nátiyjede baqsıshılıq kórkem ónerin rawajlandırıw hám úgit-násiyatlaw boyınsha keń kólemli jumıslar ámelge asırıldı. Qaraqalpaqstanda da baqsıshılıq mekteplerin qollap-quwatlaw, jas talant ielerin anıqlaw hám olardı professional tayarlawǵa ayrıqsha áhmiet berildi. Bul process hayal baqsılar ushın da jańa imkaniyatlar jarattı. Olar hár qıylı festivallar, ilimiy-ámeliy konferenciyalar hám mádeniy ilajlarda belsene qatnasıp kelmekte. Búgingi kúnde hayal baqsılar xalıq dástanların saxna talqılawında kórsetiw, folklor ansamblleriniń quramında dóretiwshilik penen shuǵıllanıp, bilimlendiriw mákemelerinde jas áwladqa baqsıshılıq dástúrlerin úyretiw menen shuǵıllanǵan.

**Juwmaq**

Qaraqalpaq baqsıshılıq kórkem óneri xalıqtıń kóp ásirlik ruwxıy hám mádeniy miyrasınıń ajıralmas bólegi bolıp esaplanadı. Bul kórkem ónerdiń rawajlanıwında hayal baqsılar da ózine tán orınǵa ie bolıp, olar xalıq awızeki dóretiwshiliginiń biybaha úlgilerin saqlaw, atqarıw hám keyingi áwladlarǵa jetkeriwde áhmietli wazıypanı atqarǵan. Tariyxıy derekler hám folklorlıq materiallar sonı kórsetedi, hayal baqsılar tek ǵana máresim hám shańaraqlıq ilajlarda emes, al xalıq arasında dástanshılıq hám termechilik dástúrleriniń dawam etiwinde de belsene qatnasqan. Keleshekte qaraqalpaq baqsıshılıǵında hayal baqsılardıń jumısın etnomuzıkatanıw, folklortanıw, mádeniyattanıw hám gender izertlewler kózqarasınan kompleksli úyreniw áhmietli ilimiy nátiyjelerdi beriwi múmkin.

Bul bolsa tek ǵana milliy mádeniy miyrastı saqlaw emes, al onı xalıqaralıq kólemde keńnen úgit-násiyatlaw, jas áwladtı milliy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalaw hám materiallıq emes mádeniy miyrastıń turaqlı rawajlanıwın támiyinlewge xızmet etedi. Ulıwma alǵanda, qaraqalpaq baqsıshılıǵında hayal baqsılardıń jumısı milliy mádeniyat tariyxınıń áhmietli quram bólegi bolıp, olardıń dóretiwshilik miyrasın tereń úyreniw, saqlaw hám ǵalaba en jaydırıw búgingi kún iliminiń hám mádeniyat siyasatınıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri bolıp qalmaqta.  Hayal baqsılardıń dóretiwshiligin ilimiy tiykarda izertlew qaraqalpaq baqsıshılıq mektebiniń rawajlanıw nızamlıqların jáne de tolıq ashıp beriwge, milliy ózlikti ańlawdı bekkemlewge hám ózbek jáne qaraqalpaq folklor tanıwınıń rawajlanıwına múnásip úles qosadı. Bul bolsa usı biybaha kórkem óner túriniń keleshek áwladlarǵa tiykarǵı túrinde jetip barıwın támiyinleytuǵın áhmietli faktorlardan biri bolıp esaplanadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. **Ayimbetov, Q.** (1968). *Xaliq danalig'i*. Nökis: Qaraqalpaqstan baspası.
2. **Allambergenov, K.** (1995). *Qaraqalpaq folklórında baqsı-jırawlar obrazı*. Nökis: Bilim.
3. **Mirzayev, T.** (1979). *O'zbek xalq baxshilarining repertuari*. Toshkent: Fan.
4. **Maqsetov, Q.** (1983). *Qaraqalpaq jıraw-baqsıları*. Nökis: Qaraqalpaqstan.
5. **Tleumuratov, M.** (2015). *Qaraqalpaq baqsıshılıq kórkemóneri tariyxınan*. Tashkent: Navro'z.
6. **Nadirova A.**  (2018) *Qaraqalpaq muzika tariyxi*. Tashkent